Обш.

| ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ **ФАРМОЙИШИ** | ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ **БИЙЛИГИ** |
|---|---|
| Нукус шаҳри | Нөкис қаласы |

№ **81-б** **14** » **апрель** 2017 й.ж

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 31-марттағы 345-ф-санлы Бийлигинде көрсетилген тапсырмаларды орынлаў мақсетинде:

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 11-апрельдеги 02-08/9-04/220-санлы баянламасына ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2017-жыл 8-апрельдеги БУ/05-02-02/684-санлы хатына муўапық усы жылдың 13-14 апрель күнлери аралығында Ташкент қаласында өткерилетуғын Халықаралық Өзбек Туристлик көргизбесине Өзбекистан Республикасы өнерментлер бирлеспеси Қарақалпақстан Республикасы басқармасының 2017-жыл 1-апрельдеги 54-санлы, Өзбекистан Республикасы аспазлар бирлеспеси Қарақалпақстан Республикасы басқармасының 2017-жыл 11-апрельдеги 16-санлы, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогика институтының 2017-жыл 11-апрельдеги 01-21-05/400-санлы, Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң 2017-жыл 11-апрельдеги 01-19-01/116-санлы ҳәм Орта арнаўлы, кәсиплик билимлендириў басқармасының 2017-жыл 11-апрельдеги Ж-04/1363-санлы хатларына муўапық хызмет сапарына барып қайтыўы ушын зәрүр болған жәми 9049080 *(тоғыз миллион қырық тоғыз мың сексен)* сум муғдарындағы қаржының 7090500 *(жети миллион тоқсан мың бес жүз)* сумы Өзбекистан Республикасы Бюджет кодексиниң 73-статьясына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң сақлаўлы қоры есабынан Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқармасы арқалы ажыратыў ҳәм қалған 1958580 *(бир миллион тоғыз жүз елиў сегиз мың бес жүз)* сум муғдарындағы қаржыны белгиленген тәртипте тийисли бюджет мекемелериниң қәрежетлер сметасында ажратылған ҳәм бюджеттен тысқары қаржылар есабынан ажратылыўы ҳаққындағы усынысы мақулллансын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигине (Б.Утамбетов) усы жылдың 13-14 апрель күнлери аралығында Ташкент қаласында өткерилетуғын Халықаралық Өзбек Туристлик көргизбесине Өзбекистан Республикасы өнерментлер бирлеспеси Қарақалпақстан Республикасы басқармасы ҳәм Өзбекистан Республикасы аспазлар бирлеспеси Қарақалпақстан Республикасы басқармасына зәрүр болған жәми 7090500 *(жети миллион тоқсан мың бес жүз)* сум муғдарындағы қаржыны Өзбекистан Республикасы Бюджет кодексиниң 73-статьясына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң сақлаўлы қоры есабынан Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқармасы арқалы қосымшадағы сметаға муўапық ажыратыў тапсырылсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқармасы (М.Джуманиязов) ажыратылған қаржының мақсетке муўапық жумсалыўын тәмийинлесин.

4. Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогика институты (Қ.Оразымбетов) 717820 *(жети жүз он жети мың сегиз жүз жигирма)* сум, Қарақалпақ мәмлекетлик университети (М.Ибрагимов) 634885 *(алты жүз отыз төрт мың сегиз жүз сексен бес)* сум, Орта арнаўлы, кәсиплик билимлендириў басқармасы (А.Аяпов) 605875 *(алты жүз бес мың сегиз жүз жетпис бес)* сум, усы жылдың 13-14 апрель күнлери аралығында Ташкент қаласында өткерилетуғын Халықаралық Өзбек Туристлик көргизбесине таярлық жумысларын алып барыў ҳәм қатнасыўы ушын жәми 1958580 *(бир миллион тоғыз жүз елиў сегиз мың бес жүз)* сум муғдарындағы қаржыны белгиленген тәртипте тийисли бюджет мекемелериниң қәрежетлер сметасында ажратылған ҳәм бюджеттен тысқары қаржы дереклери есабынан ажыратыў илажларын көрсин.

5. Қарақалпақстан Республикасы Қадағалаў-ревизиялаў басқармасынан (К.Муятдинов) ажыратылған қаржының мақсетли сарыпланыўын қадағалаў соралсын.

6. Усы бийликтиң орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары М.Содиковқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **К.Сариев**